Prijs franco per post f———

Verkrijgbaar bij het Dépôt van Leermiddelen te Weltevreden tegen toezending van een postwissel tot genoemd bedrag.

Serie uitgaven door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur No. 89.

TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

WAWATJAN TJARIOS

RADEN PANDJI KĚRNENG PATI

DIKALOEARKEUN

KOE

Commissie voor de Volkslectuur.

TJITAKAN KADOEA

Hakna soe ngarang ieu boekoe dilanglajoengan koe Staatsblad 1912 No. 600.

Ieu boekoe meunang ditjitak deui (overdruk en nadruk) koe soe sedjen sawa dianggil deui dapon geus meunang soerat paidin bae ti Commissie voor de Volkslectuur, sarta dina tjitakan anjar sawa anggilan anjar ieu koedoe dilerangkeun ti mana aselna.

Ditjitak di kantor tjitak
ALBRECHT & Co., WELTEVREDEN
1916.

PNRI Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

H 14 12 40

Serie uitgaven door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur No. 89.

WAWATJAN TJARIOS

RADEN PANDJI KĚRNENG PATI

DIKALOEARKEUN

KOE

Commissie voor de Volkslectuur.

TJITAKAN KADOEA

Hakna noe ngarang ieu boekoe ditangtajoengan koe Staatsblad 1912 No. 600.

Ieu boekoe meunang ditjitak deui (overdruk en nadruk) koe noe sedjen atawa dianggit deui dapon geus meunang soerat paidin bae ti Commissie voor de Volkslectuur, sarta dina tjitakan anjar atawa anggitan anjar tea koedoe diterangkeun ti mana asalna.

Ditjitak di kantor tjitak
ALBRECHT & Co., WELTEVREDEN
1916.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

1. Asmarandana.

1. Kasmaran didaměl kawit,
tina kaloetjoeanana,
tjek basa ajeuna model,
tjarios djaman ajeuna,
di nagri Solo pisan,
mo měndak noe tjara kitoe,
tina karasmianana.

2. Noe mawi koe djisim koering,
dikarang didjieun tĕmbang,
ambrih aroeninga kabeh,
pĕrang Solo leuleutikan,
istri noe djadi marga,
di pajoen tangtoe katjatoer,
tina pĕrasalanana.

3. Ĕh Allah koemaha koering,
ari pikir istoe pisan,
koe hajang jasa mamaos,
soepantĕn kadaring Allah,
dimakboel sapanĕdja,
moegi-moĕgi enggal timoe,
rek noeroetan noe boediman.

4. Lain sim koering koemaki,
boemisa ngadangding tĕmbang,
ngan bawaning maksoed bae,
basana oge garihal,
toer teu poegoeh dangdingna,
adjrihna mah langkoeng-langkoeng,
geus teu aja papadana.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

5. Malahmandar bae hasil,
djadi panglilipoer manah,
diaos samemeh ebog,
ngilangkeun galih soengkawa,
mepende andjeun heula,
napsoe teu kenging ditoeroet,
ladjengna sok lalamoenan.

6. Parantos tangtos teh teuing,
lamoen kitoe nja ngamanah,
ngalĕmkeun akal noe gĕde,
teu tjara dianggo gĕrah,
kasoesah rada njingkah,
ari noe didaměl lagoe,
djalma noe ajeuna pisan.

7. Tanapi gadoeh pamoegi,
agoeng ka Noe Maha Moelja,
dohir ka para boepatos,
adil galih ka abdina,
njieun hoekoem agama,
sae awon anging emoet,
abdi njoehoenkeun hampoera.

8. Koe djisim koering digoerit,
ngoeping tina soerat chabar,
di karaton nagri Solo,
aja sahidji pangeran,
kapipoetrana Soeltan,
djadi alo Djĕng Sinoehoen,
doepi ari kakasihna.

9. Raden Pandji Kĕrneng Pati,
ramana parantos wapat,
Raden Mas Ganda Paloegon,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

hidji mangsa Raden poetra,
nampi timbalan Soeltan,
dawoehan Kangdjĕng Sinoehoen:
„Maneh Pandji koedoe leumpang.

10. Ngatoeranan roepi doeit,
ka paman Mangkoe Nagara,
djeung roepa-roepa panganggo,
doemeh dek ngĕrsakeun hadjat,
nja eta minantoean,
ka poetra Pangeran Kĕdoe,
Raden Soma Ardiningrat.

11. Ari kakasihna poetri,
poetra noe di pakoelĕman,
Mangkoe Nagara karaton,
eta poetra ingkang paman,
Ratoe Kantjananingrat,
sasih ieu tanggal toedjoeh,
direndengankeun poetrana.

12. Masing sagĕd maneh Pandji,
wantoe djadi wakil mamang,
dangdosan sing hade-hade,
toenggangan koeda Si Mega,
hĕlos indit ajeuna,
gagal lamoen poĕ isoek,
nja ngadeuheusan ka paman".

13. Toemoengkoel ngĕloek den Pandji,
tjong njĕmbah oendjoek soemangga,
tapi galih Raden soerser,
hantĕu kintĕn soemĕblakna,
heran koe kangdjĕng Soeltan,
ras emoet saoer kapoengkoer,
Ratoe Mas Kantjananingrat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

14. Direremokeun ka diri,
achirna bĕt ka noe lian,
estoening hĕnteu kahartos,
koemaha lamoen oendjoekan,
soepaja oelah kĕmba,
oelah kieu hate ratoeg,
seueul mĕntĕgĕg teu tĕrang.

15. Djeungna deui eta istri,
djeung aing ĕnggeus patĕpang,
andjeunna parantos djongok,
tatapi kieu achirna,
kitoe Raden manahna,
parantos njatĕt 'na kalboe,
ngandoeng manah reh handjakal.

16. Mangsa harita teu lami,
enggal Raden nitih koeda,
mĕdal ti karaton Solo,
ngiringkeun ratoes gotongan,
roepi barang djeung oeang,
alon angkat hanteu roesoeh,
den Anom pirhatin manah.

2. Sinom.

1. Mangga toenda Raden poetra,
Raden Pandji Kĕrneng Pati,
kotjapkeun Mangkoe Nagara,
di Djogdja karaton nagri,
diparĕk pra bopati,
para pangeran toemĕnggoeng,
keur ngatoer papadjangan,
poeade di djĕro poeri,
beunang ngatoer ngarekin para pangeran.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

2. Poeade soetra dewangga,
soetra kĕmbang roepi-roepi,
tihang ĕmas dipĕrmata,
palisirna pasmen koening,
rambaj boeah palisir,
intĕn bĕrlian sareboe,
tanding djeung boeah pasang,
serab teu wantoen ningali,
sarĕng aja kafil ĕmas opat pasang.

3. Lampoe tjabang riboe laksa,
sapasang harga sakĕti,
lampoe boeatan Nedĕrland,
sarĕng doea laksa lilin,
nĕmpat pajoeneun boemi,
noe didaměl damar sewoe,
djeung lawang katja-katja,
bĕbĕtek saboedĕr nagri,
roepi djanoer bĕbĕtek teu katjampoeran.

4. Pangeran Mangkoe Nagara,
karsana hojong ti peuting,
panganten iring-iringan,
tatabeuhan roepi-roepi,
dikĕloen oenggal nagri,
ti Pasoeroean Madioen,
Djapara Pakalongan,
Samarang Tĕgal Gĕrĕsik,
Toeban Rĕmbang Blora Banjoemas Tjalatjap.

5. Tjirĕbon sarĕng Koeningan,
Madjalĕngka djeung Tjiamis,
katoet ka rĕgen-rĕgenna,
ambtĕnaar kabeh diangkir,
pra mantri djoeroe toelis,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

14. Direremokeun ka diri,
achirna bĕt ka noe lian,
estoening hĕnteu kahartos,
koemaha lamoen oendjoekan,
soepaja oelah kĕmba,
oelah kieu hate ratoeg,
seueul mĕntĕgĕg teu tĕrang.

15. Djeungna deui eta istri,
djeung aing ĕnggeus patĕpang,
andjeunna parantos djongok,
tatapi kieu achirna,
kitoe Raden manahna,
parantos njatĕt 'na kalboe,
ngandoeng manah reh handjakal.

16. Mangsa harita teu lami,
enggal Raden nitih koeda,
mĕdal ti karaton Solo,
ngiringkeun ratoes gotongan,
roepi barang djeung oeang,
alon angkat hanteu roesoeh,
den Anom pirhatin manah.

2. Sinom.

1. Mangga toenda Raden poetra,
Raden Pandji Kĕrneng Pati,
kotjapkeun Mangkoe Nagara,
di Djogdja karaton nagri,
diparĕk pra bopati,
para pangeran toemĕnggoeng,
keur ngatoer papadjangan,
poeade di djĕro poeri,
beunang ngatoer ngarekin para pangeran.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

2. Poeade soetra dewangga,
soetra kĕmbang roepi-roepi,
tihang ĕmas dipĕrmata,
palisirna pasmen koening,
rambaj bocah palisir,
intĕn bĕrlian sareboe,
tanding djeung boeah pasang,
serab teu wantoen ningali,
sarĕng aja kafil ĕmas opat pasang.

3. Lampoe tjabang riboe laksa,
sapasang harga sakĕti,
lampoe boeatan Nedĕrland,
sarĕng doea laksa lilin,
nĕmpat pajoeneun boemi,
noe didaměl damar sewoe,
djeung lawang katja-katja,
bĕbĕtek saboedĕr nagri,
roepi djanoer bĕbĕtek teu katjampoeran.

4. Pangeran Mangkoe Nagara,
karsana hojong ti peuting,
panganten iring-iringan,
tatabeuhan roepi-roepi,
dikĕloen oenggal nagri,
ti Pasoeroean Madioen,
Djapara Pakalongan,
Samarang Tĕgal Gĕrĕsik,
Toeban Rĕmbang Blora Banjoemas Tjalatjap.

5. Tjirĕbon sarĕng Koeningan,
Madjalĕngka djeung Tjiamis,
katoet ka rĕgen-rĕgenna,
ambtĕnaar kabeh diangkir,
pra mantri djoeroe toelis,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

sĕpi kabopaten soewoeng,
waktoe dintĕn harita,
kapala geus heurin oesik,
geus karoempoel di nagri Mangkoe Nagaran.

6. Saoer noe kagoengan hadjat:
„Noe matak digingsir linggih,
dintĕn isoek mimitina,
panganten angkat ka masdjid,
pesta lima blas wĕngi,
sakitoe anoe dimaksoed,
barisna soekan-soekan".
Tjoeng-tjong njĕmbah pra bopati:
„Kaoelanoen ngiringan dawoeh pangeran".

7. Goergĕr sami sasaoeran,
kotjap Pandji Kĕrneng Pati,
djĕboel ngiringkeun gotongan,
ti Soerakarta nagari,
ngaleut gotongan soemping,
renghap sadaja toemĕnggoeng,
kangdjĕng Mangkoe Nagara,
kaget ningal Raden Pandji,
tjek Pangeran teu euweuh poetra nalendra.

8. Tjakĕp dina loehoer koeda,
manggoet-manggoet koeda njirig,
dangdosan sagala rapat,
taja tjawadeun saeutik,
lĕmĕs estoe rĕspati,
loetjoe meakkeun ti batoer,
gandang taja bangsana,
kasep leuwih ti sasari,
brĕk sadaja hempak mantri djeung ponggawa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

9. Dĕpa olohok noe ningal,
taja noe ngitjeup saeutik,
katoengkoel ningal noe gandang,
noe kasep Pangeran Pandji,
pra pangeran ningali,
imoet sadajana loengsoer,
ka aloen-aloen mapag,
mapag Raden Kĕrneng Pati,
Raden Pandji loengsoer tina loehoer koeda.

10. Pangeran Mangkoe Nagara,
goegoepaj ti pantja niti:
„Geuwat tjing ka dieu oedjang!"
Raden Pandji Kĕrneng Pati,
tras doemeuheus ka Goesti,
tjong njĕmbah Raden toemoengkoel,
kangdjĕng Mangkoe Nagara,
sĕmoe atoh soeka galih,
„Asep ĕnoeng sarĕng sana Raden Poetra?"

11. Tjong Pangeran Pandji njĕmbah:
„Sarĕng abdi-abdi goesti,
noe ngabantoen ieu barang,
djabi tinja taja deui".
Ladjĕng den Kĕrneng Pati,
sĕrat pasihan sinoehoen,
tras disanggakeun pisan,
njandak sĕrat sĕmoe adjrih,
rek diboeka hoermatan disĕmbah heula.

12. Oengĕlna lĕbĕting sĕrat:
„Paman Pangeran Dipati,
ieu kagĕgĕlan poetra,
roepi barang sarĕng doeit,
kabantoen koe den Pandji,

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI Balai Pustaka

loemajan tatamba loepoet,
sarĕng ieu poen anak,
mangkade sing ati-ati,
pangngakoekeun kawantoe boedak poendoengan".

13. Sakitoe oenina sĕrat,
teu pandjang tjarios deui,
hanteu lami ti harita,
dihoermat Rahaden Pandji,
sarĕng teu idin moelih,
ngaloeoehan memeh poetoes,
sarĕng ladjĕng harita,
nimbalan hidji papatih:
„Geuwat oeroes ieu Raden sing oetama.

3. Kinanti.

1. Geuwat tĕtĕbah di ditoe,
sondongkeun tĕmpat noe rĕsmi,
di mana bae koelĕmna".
Oendjoek sĕmbah Raden patih,
Dĕmi patih teh wargina,
ti iboe Pangeran Pandji.

2. Patih teh pĕrĕnah poetoe,
ka Pangeran Kĕrneng Pati,
margi alo ka iboena,
enggal harita den Pandji,
koelĕmna di kapatihan,
soengkawa manah prihatin.

3. Doemoegi ka taboeh satoe,
teu koelĕmna Raden Pandji,
ngagoeligah mamanahan,
emoet bae ka noe geulis,
galih raos disoendoetan,
tina bawaning koe njĕri.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

4. Waktoe harita den bagoes,
dideuheusan hidji mantri,
wasta den Sastra Pĕrwira,
mantri bĕrboedi toer soerti,
pasĕmoan sagala bisa,
wantoe ilmoena geus tahkik.

5. Ahli raos ahli nĕgoeh,
apal ka wirasat djalmi,
ka noe damang noe teu damang,
andjeunna tangtos tingali,
harita mantri oendjoekan,
ka den Pandji Kĕrneng Pati.

6. Pioendjoekna: „Kaoelanoen,
goesti doenoengan sim abdi,
moestika manah sadaja,
noe kasep noe matak watir,
poen mamang koe hojong tĕrang,
njanggakeun bĕbĕndoe diri.

7. Doemeh abdi koemawantoen,
tjonggah roepi ka sasami,
ngarandang wantoen oendjoekan,
njoehoenkeun rasiah goesti,
koemaha eta margina,
titingalan sanes teuing.

8. Tjahaja sĕmoe noe aloem,
kawas kenging koe panjakit,
tĕgĕsna teh koe wisaja".
Mantri noe rea djeung patih,
geus koelĕm waktoe harita,
tibra' hanteu lilir-lilir.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

9. Raden Pandji mesĕm njaoer,
ngawalon ka Raden mantri:
„Hih, sok kitoe ari ĕmang,
teu sae eta pamali,
teu kitoe-kieu koering mah".
Ngân seg goemĕdjĕng den mantri:

10. „Gamparan teh oelah kitoe,
teu sae dianggo moengkir,
moal palsoe diri ĕmang,
estoe hawatos ka goesti,
mangga timbalkeun sing tĕrang,
anoe mawi nganggrĕs galih".

11. Raden Pandji ladjĕng njaoer,
djeung njandak pangkon den mantri,
ngaharewos sasaoeran:
„Geura kieu mamang mantri,
pendek bae montong pandjang,
teu kintĕn nja ngĕnĕs diri.

12. Koe pĕrkawis ĕnden ajoe,
panganten poetra djĕng goesti,
Nji Enden Kantjananingrat,
kapĕngkĕr timbalan goesti,
jaktos bakal ka kang poetra,
ahir tjidra tina djangdji.

13. Tah eta margina kitoe,
anoe mawi njĕri ati,
bisi mamang teu oeninga,
djeungna deui eta poetri,
djongok kapĕngkĕr patĕpang,
padoe saoer rĕmpoeg galih.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

14. Ahirna ajeuna kitoe,
sĕmoe hilap tina djangdji".
Gĕbĕg den Sastra Pĕrwira,
oendjoekan ngiring prihatin:
„Soebhanallah geus kantĕnan,
pangintĕn kitoe mah goesti.

15. Meudjeuhna gamparan ngangloeh,
tobat ka Noe Maha Soetji,
tjindĕkna kieu ajeuna,
sĕratan bae noe geulis,
seepkeun di lĕbĕt sĕrat,
enggal midamĕl sing manis".

4. Dangdanggoela.

1. Hanteu lami Raden Kĕrneng Pati,
ladjĕng njĕrat dianggit aksara,
wantoe boeat ka karaton,
ka noe geulis gan ajoe,
panganten poetra sri bopati,
kieu oengĕlna sĕrat,
harita geus toetoeg:
„Ieu sĕrat ngadeuheusan,
djisim abdi anoe sakalintang adjrih,
kapangkon ing gamparan.

2. Mangsa soetji eukeur sĕnang galih,
agan ajoe Neng Kantjananingrat,
someah ahli sareseh,
manis boedi djeung loenggoeh,
soeka galih siang djeung wĕngi,
taja noe dimanahan,
hojong geura isoek,
panganten iring-iringan,
ngan sakitoe noe dimanah koe noe geulis,
tangtos taja kandĕgna.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

3. Lĕpat manah goesti djadi lali,
abong kena ĕnggeus tina lila,
saoer didjieun pangolo,
ka poen ĕngkang teu koloe,
sĕmoena teh ĕnggeus padoeli,
tj awit keur sakola,
djangdji bade miloe,
koemoerĕb lĕbĕt boeboedjang,
ka noe geulis moal tjidra tina djangdji,
nanging agan bĕt nolas.

4. Djadi palsoe manah beuki njisi,
geus kamaloem njai asa-asa,
rakaan ka anoe bodo,
djigana kadjeun wadoel,
da aing mah estoe teu soedi,
ka sia hĕnteu hajang,
sok sieun kadoehoeng,
oelah kitoe nja ngamanah,
pan teu sae pĕrwatĕk noe djadi istri,
oelah lampah rajoengan.

5. Awon goesti apĕs kana diri,
anoe kitoe istri hanteu aman,
panata dajang djeung ronggeng,
loeang ĕngkang noe kitoe,
rajoengan djeung hanteu goemati,
moen istri kirang tata,
ahirna sok tatoe,
menak loba anoe tjĕla,
noengtoen napsoe ngabidjilkeun ati dĕngki,
madjĕngkeun kaawonan.

6. Doepi ieu ngintoenan ka goesti,
salam soedjoed margi bakti sĕrat,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

moegi manah oelah polos,
mangga galih sing loeloes,
abong kena djadi noe geulis,
bĕt babarian iklas,
teu emoet kapoengkoer,
ĕnden mah babari mĕgar,
teu dimanah saoer kapoengkoer noe manis,
estoening matak panas.

7. Sajaktosna toemaros ka goesti,
loetjoe teuing geuning ari agan,
kapan kapĕngkĕr tjarios,
sĕpoeh djeung pada sĕpoeh,
geus poegoeh djinis pada djinis,
ti kapĕngkĕr tjek ĕngkang,
hanteu koemapoeroen,
koemawawa koemawasa,
gadoeh bodjo mirabi ka poetra goesti,
tjileungtjang mande sgara.

8. Oelah rĕsĕp mĕtik kĕmbang seungit,
ditjioeman eukeur waktoe anjar,
dipitjeun ari geus lajon,
tah elmoe istri kitoe,
rojal manah teu matak hasil,
estoening hĕnteu njana,
agan naha kitoe,
ari mĕnggah ĕngkang tea,
oelah ngira djĕlĕma doea sadoeit,
sami tĕrah pangeran.

9. Ajeuna mah njai kadjeun teuing,
dapon tĕrang ĕngkang meureun nimbang,
kana djangdji da geus nonggong,
jaktos njai teh ĕmboeng,
ĕnggeus hanteu kenging dikeumbing,
tjindĕkna mah poen ĕngkang,
ngadoe'akeun ĕnoeng,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

moegi masing rĕndĕj poetra,
awet djodo ka noe kasep lĕndjang koening,
den Soma Ardiningrat".

10. Prantos njĕrat enggalna ditawis,
pandjĕnĕngan noe prihatin manah,
di kapatihan keur ngantos,
srat ditilĕp geus loeloes,
sok dipasihkeun ka den mantri,
Raden Sastra Pĕrwira,
noe boeat ngabantoen,
tjong njĕmbah mantri harita,
rek doemeuheus lahiran Rahaden Pandji:
„Kade masing iatna".

11. „Noen soemoehoen" pioendjoek den mantri,
„geus kantĕnan goesti oelah sĕmang,
ladjĕng den mantri ka djĕro,
nglĕmĕt djeung djalma tjampoer,
nanging taja anoe ningali,
ka djro poeri angkatna,
diintip gan ajoe,
mantri noong 'na djandela,
anoe geulis sĕmoe anoe ngĕrik galih,
di kamar tamboeh polah.

5. Gamboeh.

1. Ngadehem den mantri asoep,
koredjat goegah neng ajoe,
mariksa goegoep noe geulis,
sinarĕng moekakeun pintoe,
gan ajoe Kantjana nĕmpo.

2. Tjong njĕmbah den Mantri asoep,
„Poen mamang Goesti koelanoen".
Aloem njaoer anoe geulis:

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

„Ka dieu mang mantri asoep!"
Tjong njĕmbah gek mantri mando.

3. Ladjĕng mariksa gan Ajoe:
„Kawas aja anoe pĕrloe,
mamang sinantĕneun teuing,
linggih ka dieu koelanoen,
naha mamang aja naon?"

4. Imoet den Mantri pioendjoek:
„Jaktos aja anoe pĕrloe,
margi ngadeuheus sim abdi,
moal wantoen hanteu poegoeh,
ngĕmban timbalan Den Anom.

5. Sapĕrkawis anoe tangtoe,
koe poen mamang dipioendjoek,
pĕrkawis rendengan goesti,
tjios jaktos dintĕn isoek?
Ja robbi matak hawatos!

6. Doea pĕrkawis noe estoe,
galih Goesti sĕmoe ngoejoeng,
sanes pisan ti sasari;
koe naon goesti koelanoen?"
Mesĕm ngawalon Neng Anom:

7. „Aeh paman noe saestoe,
jaktos paman koering bingoeng,
emoet ka Pangeran Pandji,
hawatos isin patjampoer,
soegan mĕndakan tjarios.

8. Engkang pangeran koelanoen,
soegan maksad dek ngarĕboet,
pasrah mangga diri koering,
soeka teh kaliwat langkoeng,
rido manah moen dipaok.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Bidang Pustaka

9. Palangsiang ĕngkang bĕndoe,
Ĕh, koemaha bae atoeh?"
Sĕrat koe rahaden Mantri,
disanggakeun ka Gan Ajoe:
„Mangga goesti geura aos".

10. „Ti saha?" lahir gan Ajoe,
Goemoedjĕng den Mantri matoer:
„Ti raka pangeran Pandji".
Gabroeg sĕratna dirangkoel,
berebet ladjĕng diaos.

11. Oengĕlna sĕrat kama'loem,
kantĕnan tjara di loehoer,
seep meakkeun noe geulis,
dina sĕrat matak gioeng,
kinanti ngaos rampohpoj.

6. Asmarandana.

1. Toenda tjarios Nji poetri,
kotjapkeun deui den poetra,
sawĕngi teu pati sare,
tina loba mamanahan,
ti dinja ladjĕng angkat,
ka masigit moro soeboeh,
barina tĕras ngimaman.

2. Gĕlĕndĕng Rahaden Pandji,
pasehat lir sajid Mĕkah,
torodjol ti Mĕsir senggol,
lagoena angin-anginan,
taja tjawadeunana,
tatas patitis geus poetoes,
ngaosna hatam sampoerna.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

3. Pinoeh noe ma'moem di masdjid,
samalah imam bakoena,
sadajana pada kaget,
dina saba'da nĕtĕpan,
sanes paroepoedjian,
silih taros reudjeung batoer,
noe ngimam bieu teh saha.

4. Saoemoer kakara manggih,
noe ngimam kaliwat ngeunah,
katambah koe senggol sae,
boa eta teh olia,
sadaja djawab doeka,
taja noe tĕrang saestoe,
ka Pangeran Pandji Poetra.

5. Geus kitoe mah Raden Pandji,
loengsoer parantos nĕtĕpan,
oerang kaoem arolohok,
brĕk marando sadajana,
tjoengtjong mararoendjoengan,
enggal njaoer den Pangoeloe:
„Hanteu njana ka gamparan".

6. Pioendjoek sĕmoe noe adjrih,
pangoeloe ka Raden Poetra:
„Poen mamang soemĕdja naros,
Goesti koelĕm teh dimana?"
Mesĕm walon den Poetra:
„Di mang Arja Patih Danoe,
piwarang kĕdah di dinja".

7. Enggal Raden loengsoer moelih,
ti masdjid ka kapatihan,
ngaroembajkeun ramboet Raden,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

barang soemping Raden Poetra,
njondong Sastra Pĕrwira,
Raden Pandji njaoer imoet:
„Hatoeran ĕmang geus lila?"

8. „Paĭantos" pioendjoek mantri,
mangga kandĕg Raden Poetra,
noe di lĕbĕt katjarios,
Pangeran Mangkoe Nagara,
koempoelan pra ponggawa,
tjoehtjih ngoeroes ngaler-ngidoel,
ngagoeroeh noe sasaoeran.

9. Panganten poetra dipati,
Gan Ratoe Kantjananingrat,
enggal disaoer ka djĕro,
lĕsoe angkat ngadeuheusan,
Ĕnden Kantjananingrat,
koe para istri dirioeng,
ngĕloek pajoeneun iboena.

10. Paměgĕtna kitoe deui,
dirioeng koe pra pangeran,
keur didangdanan panganggo,
istri di lĕbĕt hiasan,
den Soma Ardiningrat,
panganten nganggo geus toetoep,
kari djoeng ka kaoem angkat.

11. Panganggo hoeroeng raspati,
panganten mantoe Pangeran,
Raden Pandji katjarios,
parantos nganggo djoeng angkat,
mĕdal ti kapatihan,
kĕrsana ngiring ka kaoem,
madjĕng teu moendoer manahna.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

7. Doerma.

1. Ngadawoehan Pangeran Mangkoe Nagara:
„Meudjeuhna geura indit,
bismillah ajeuna,
seg seungeut mariĕmna",
gĕlĕdoeg mariĕm moeni,
pat poeloeh 'doea,
tras panganten ka masdjid.

2. Geus berebet pajoeng gilap koening kĕmbar,
saratoes pra dipati,
ngarĕj ti poengkoerna,
noe ngiring pra pangeran,
pakasep paginding-ginding,
njoengkĕlang ladrang,
landean intĕn roekmi.

3. Oedĕng Solo pangaos pat poeloeh lima,
batik satria manis,
sindjang kapoegĕran,
papak para pangeran,
raksoekan potongan sĕnting,
kantjing bĕrlian,
hoeroeng rante erlodji.

4. Dina tĕnggĕk pasmen ĕmas kĕkĕmbangan,
anoe misah ngan hidji,
Raden Pandji Poetra,
tĕgĕpna poendjoel pisan,
kasepna leuwih raspati,
sapanganggona,
den Pandji Kĕrneng Pati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

5. Bĕndo boeleud rapat sisi dipĕrmata,
pameres ĕmas koening,
ditaboer pĕrmata,
ting karitjeup goemĕbjar,
lir tjika-tjika rek meuting,
gandang noe midang,
sindjang Solo pĕrkĕsit.

6. Dilantjingan sontog toer soetra kasoemba,
didjĕpit pasmen koening,
diraksoekan Herman,
tjakĕp kasatriaan,
kantjing intĕn doea baris,
ladrang goemĕbjar,
sikĕp aja digigir.

7. Tambah hoeroeng koe rante erlodji ĕmas,
slop bordel sĕmoe tjĕnglik,
kaos ngĕplak bodas,
kewĕs tjangkĕr katjida,
poengkoereun Rahaden Pandji,
Sastra Pĕrwira,
pasĕmon den Sĕntjaki.

8. Pangpajoenna Pangeran Mangkoe Nagara,
koe andjeun djĕnĕng wali,
ari ti poengkoerna,
Rĕgen Toeban djeung Blora,
Tjirĕbon Tĕgal Tjiamis,
sinarĕng Rĕmbang,
Madioen djeung Gĕrĕsik.

9. Rĕgen-rĕgen sadaja ka masdjid djadjap,
barang soemping ka masdjid,
saratna ngadjadjar,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

prantos beres maridang,
den Pangoeloe dina korsi,
beunang sadia,
djeung didastar kasmiri.

10. Tjakĕp nganggo tagog lir pangoeloe Bagdad,
ningal panganten soemping,
brĕk sarat ka handap,
hempak mandŏ sadaja,
pangeran dipati,
tras ngawalian,
nikahkeun ĕnden poetri.

11. Den Pangoeloe ngalapalan Ardi Soma,
teu lami prantos deui,
djol oeang dibilang,
doea reboe ipkahna,
oeang retjeh reudjeung ringgit,
aroentoeng sarat,
koe Pangoeloe dibagi.

12. Doer mariĕm nawiskeun parantos nikah,
gĕr soerak mantri nagri,
panganten moendjoengan,
ka rĕgen sadajana,
goergĕr tatabeuhan moeni,
eundeur nagara,
gĕntos nganggo anoe manis.

8. Dangdanggoela.

1. Mas panganten nganggo noe raspati,
sindjang songket dibĕnten kantjana,
ditaretes intĕn objor,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

djamang tarate moeroeb,
dilantjinganna pandji-pandji,
kangkaloengna kantjana,
pĕrĕmata djambroet,
parantos nganggo den Poetra,
sor 'njangonto djampana ĕmas disangling,
dikĕmbangan koe soetra.

2. Ladjĕng loengsoer panganten geus moelih,
'na djampana boeroedoel sadaja.
oerang kaoem ngiring kabeh,
mariĕmna ngagoeroeh,
tatabeuhan sakabeh moeni,
sadajana djol dongkap,
brĕg di aloen-aloen,
ari panganten istrina,
beunang nganggo mapag raka agan poetri,
di dinja mandĕg heula.

3. Gek noe geulis dilinggihkeun deui,
'na djampana ngarendeng tjalikna,
raka raji sami anom,
ladjĕng ka aloen aloen,
hĕlaran panganten djĕng goesti,
anoe iring-iringan,
moetĕr aloen-aloen,
djĕdjĕl pinoeh anoe ningal,
tatabeuhan sadajana pada moeni,
tandjina ngadordoran.

4. Doerdor bĕdil mariĕm noe moeni,
hanteu eureun tjampoeh kalantaka,
nagara rasana gendjlong,
kasinoman pra ratoe,
djeung para pangeran dipati,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

pĕrdjoerit nitih koeda,
ti poengkoer ti pajoen,
ti pajoen para nonoman,
noe ti poengkoer para rĕgen para dipati,
Samarang Tĕgal Rĕmbang.

5. Manggoet-manggoet koeda sami njirig,
panggagahna toenggangan den Poetra,
den Pandji Pangeran Anom,
sesepak moendoer madjoe,
gegebes teu daekeun tjitjing,
tatandjeuran hohoang,
mantri hanteu madjoe,
njepak njogot ka noe rea,
Raden Pandji sĕmoe noe keuheul ngagitik,
djĕger njamĕti koeda.

6. Djeung loeloendjoek koedana den Pandji,
manah raden satĕngah dihadja,
mengled para menak kabeh,
ningal Den Pandji kitoe,
nitih koeda koe matak risi,
pasĕsĕdĕk noe ningal,
loba anoe laboeh,
gila ningal polah koeda,
kawas maoeng mogok dilioeng koe bĕdil,
ngoedag lir bangbarongan.

7. Njepak njogot loba anoe geubis,
pra pangeran tina loehoer koeda,
koeda Raden Pandji djiro,
bloegblĕg anoe tikoesroek,
birat sakoer anoe ningali,
anoe ngoelon noe ngetan,
para menak goejoer,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

ngarandĕg noe keur hĕlaran,
matak risi koeda sarandal-sirindil,
noe ningal boebar loempat.

8. Bĕsat mangproeng anging hanteu bidjil,
koeda mĕrod sawĕwĕngkon dinja,
di noe keur hĕlaran rame,
moetĕr di aloen-aloen,
noe kadoepak pating djalĕrit,
tjaringin disepakan,
broeg-brĕg kabeh roeboeh,
sarodja koeta rarĕbah,
djeung teu moeni tatabeuhan kabeh tjitjing,
kantoen goejoer koe koeda.

9. Ngiring ngĕnĕs ka Pangeran Pandji,
koeda wĕlas ka djoeraganana,
mĕrod ngahadja totoker,
benteng-benteng lalĕboer,
adat anjar kawas noe ngarti,
tara ti tatadina,
adat koeda kitoe,
estoe ngadadak ngahadja,
pra bopati pangeran djeung pĕrĕdjoerit,
bĕngong rek mĕgat koeda.

9. Magatroe.

1. Anoe geulis gan Ajoe Kantjana imoet,
tjampoer tjisotja bidjil,
ningal koeda raka ngamoek,
kajoengjoen ningal noe nitih,
tjangkĕr tĕtĕg hanteu lesot.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

2. Kĕrneng Pati hoeak-haok njaoer goegoep:
„Toeloeng ieu pĕrdjoerit,
ngadjarĕdog hanteu poegoeh,
tjing rĕdjĕngan lain tjitjing,
geuning bĕt anggoer olohok.

3. Kalah ngantĕp sakitoe koeta lalĕboer,
roengkad tangkal tjaringin,
anggoer narangkeup harigoe,
sĕmoe rĕsĕp naringali,
roeksak nagara teh atoh".

4. Pra bopati pra mantri isin ngadangoe,
tjong njĕmbah bari singkil,
broel marĕgat koeda ngamoek,
pioendjoekna para mantri:
„Loengsoer heula Raden Anom!"

5. Dawoeh Raden: „Bĕt ngagoegoe anoe boeroeng,
taja pĕtana koering,
koemaha barisna toeroen,
batan kieu koeda moentir,
ragrag mah pirakoe gelo".

6. Sĕmproeng koeda moeroe ka noe rek ngarĕpoeng,
ngadoepak ka pra mantri,
brĕk lima poeloeh ngoedoepoeng,
teu katahan koeda moentir,
boengbĕng ikĕtna tjaroplok.

7. Pameresna roeksak djadi lima rĕmoek,
doehoeng nantjĕb ka boemi,
rame noe tiwas pra ratoe,
raheut koe sisir pribadi,
malah doea tiloe maot.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

8. Pra pangeran pĕrdjoerit djeung para ratoe,
pada roeboeh pra mantri,
ting djaroengkoeng noe paroepoes,
rob pĕrdjoerit senapati,
mĕgat koeda dek dirontok.

9. Barang gabroeg koeda njepak loentjat bioer,
disepakan pĕrdjoerit,
loenglĕng doegdĕg tigĕdĕboeg,
pangeran pating garoeling,
mesĕm imoet Raden Anom.

10. Dioesapan soesoeri koeda noe ngamoek,
masing bela ka aing,
oelah ngawirangkeun gĕloet,
sakieu nja njĕri ati,
ĕngke oelah roesoeh mopo.

11. Panganten mah harita ka djĕro asoep,
hĕlaranna teu lami,
noe poegoeh di aloen-aloen,
ngĕpoeng koeda Kĕrneng Pati,
ngagoeloeng para boepatos.

12. Tapi lamoen mang Sastra Pĕrwira moeroe,
maneh teh koedoe tjitjing,
poma maneh dek moeroegoel,
kitoe saoer Raden Pandji,
milahir ka koeda mogok.

13. Anoe mĕgat ngĕpoeng ti kaler ti kidoel,
pra pangeran noe geubis,
sĕbret bari matĕk doehoeng,
dek nĕwĕk koeda Den Pandji,
ngabar doehoeng noe aranom.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

14. Keuheul bĕndoe doemeh koeda ngadat kitoe,
pra pangeran saringkil,
ngabar geus di loear doehoeng,
ngagĕtĕr Rahaden Pandji,
moetjoĕng galih raden anom.

10. Poetjoeng.

1. Ladjĕng njaoĕr Raden Pandji bari imoet:
„Teu sae kitoe mah,
leuwih hade koering bae,
noe toempakna tĕwĕk soemangga paehan.

2. Hanteu oemoem koeda rek diadjak gĕloet,
anggoer djeung noe boga".
Walon pra pangeran: „Sae,
toeroen bae montong ngomong loehoer koeda".

3. Raden Pandji sĕbroet loentjat matĕk doehoeng,
ngadegdeg salira,
ngadangoe saoer sakabeh,
njabak oedĕng panganggona dipageuhan.

4. Kĕrneng Pati ohek ngareuhak toetoendjoek,
sĕbret doehoeng ngabar,
„Tjoba koema karĕp maneh?"
Katjarios Raden Mas Sastra Pĕrwira.

5. Gasik moeroe ka Raden Pandji ngarangkoel,
„Doeh bĕndara mamang,
panoehoen mamang teu sae,
goesti lingsĕm katawis moen kitoe salah.

6. Adat menak noe lantip oelah rek kitoe,
oepantĕn kitoe mah,
handjakal goesti teu sae,
montong emoet ka noe rea ningal mamang".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

7. Djeung ngitjeupan Den Sastra Pĕrwira imoet,
ka Rahaden Poetra:
„Moegi manah sabar bae,
tong dilawan tiwas kantĕnan tjilaka".

8. Kĕrneng Pati mesĕm lĕlĕb manis njaoer:
„Lĕrĕs lahir mamang,
katĕda koe poetra sae,
anging ma'loem napsoe mamang teu katahan".

9. Walon Mantri: „Soemoehoen kantĕnan kitoe,
anging manah heula,
ajeuna wajahna bae",
Sinarĕngan para pangeran noe rea.

10. Sami reuwas manahna sadaja ratoeg,
djadi naha moen prak,
ngalawan Pangeran Anom,
tangtos tiwas bĕnĕr Den Sastra Pĕrwira.

11. Dioesapan enggalna koeda ditoengtoen,
lahirna Pangeran:
„Tjing mamang titihan bae",
Raden Mantri seg toempak njirigkeun koeda.

12. Heran kabeh sadajana para ratoe,
sabageur-bageurna,
koeda hanteu ngadat sae,
sĕmoe heran sĕpoeh anom anoe ningal.

11. Sinom.

1. Boeroeboel menak sadaja,
ngadeuheus ka djĕro poeri,
Pangeran Mangkoe Nagara,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

sidakĕp linggih 'na korsi,
di pajoen ambĕng trapti,
ngĕmbat pandjang ngoedjoer ngidoel,
lahir Kangdjĕng dipatja,
mangga-sadajana linggih,
tjoeng-tjong njĕmbah rĕgen sami ngadeuheusan.

2. Goemoedjĕng Kornel mariksa:
„Dikoemaha koeda Pandji,
heunang saha noe njĕkĕlan?"
Tjong njĕmbah para bopati:
„Soemoehoen taja hidji,
abdi-abdi anoe wantoen,
njĕkĕlan eta koeda,
anging aja hidji abdi,
abdi dalĕm wasta Den Sastra Pĕrwira.

3. Doeka koemaha margina,
eta koeda koe poen Mantri,
parantos loengsoer noe toenggang,
ditjĕkĕl teu ngadat tjitjing,
lindeuk tjara sasari,
hanteu aja kieu kitoe,
tras miwarang nitihan,
prak ditoempakan koe Mantri,
ladjĕng njirig sae koemaha biasa.

4. Abdi dalĕm sami heran,
hanteu kadjoedi koe ati,
mĕnggah tadi ngadak-ngadak,
ngadat estoe matak idjid,
ngaroeksak abdi-abdi,
roepi kasoeroepan hantoe".
Kangdjĕng Mangkoe Nagara,
mesĕm lĕlĕb sĕmoe manis,
„Enja bĕnĕr teu poegoeh-poegoeh eta mah.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

5. Tapi pamikir kaoela,
teu pĕrloe sadaja ngarti,
da ari sangka koela mah,
eta djalma ngandoeng ati,
mangga ĕntong dipikir,
ĕlat teuing ieu sangoe,
anggoeran barangtoeang".
Panganten di djĕro poeri,
dina lawang panganten eta linggihna.

6. Didjadjar koe para poetra,
disarib koe para istri,
ngalĕngkong panganten anjar,
noe ngĕpĕtan para istri.
Njaoer Kangdjĕng dipati,
ka sadaja anoe koempoel:
„Mana Den Kĕrneng Poetra?"
Walon mantri: „Tatjan soemping".
„Tjing soesoelan, mangga kitoeh ĕlat toeang".

7. Tjong sahidji gandek loempat,
ngaboedjĕng Pangeran Pandji,
barang gok di djalan tĕpang,
sarĕng Raden Kĕrneng Pati,
gandek teh langkoeng adjrih,
dĕpa manehna mioendjoek:
„Abdi sĕdja njoesoelan,
enggal lahir rama Goesti".
Raden Pandji ngawalon: „Oendjoek soemangga".

8. Hanteu diatoer angkatna,
dongkap ka pajoeneun Goesti,
loengsoer njaoer bari lĕnggah,
tjek rama: „Ka dieu tjalik,
ieu djeung ama linggih".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Gek tjalik Den Pandji toengkoel,
adjrih doemeh koe sĕpah,
linggihna gedengeun patih,
lahir Goesti Pangeran Mangkoe Nagara:

9. „Bismillah atoeh soemangga,
ieu mah geus taja deui,
hadjat salamĕt rendengan".
Ladjĕng pangoeloe priboemi,
enggal ngadoe'a gasik,
teu lami amin geus toetoep,
ladjĕng bararangtoeang,
prongprang sora piring basi,
anoe geulis gan Ratoe Kantjananingrat.

10. Hoeap lingkoeng sarĕng raka,
katingal koe Kĕrneng Pati,
seueul mĕntĕgĕg manahna,
peurih galih sapeupeuting,
noe geulis kitoe deui,
wĕlas manahna gan Ajoe,
toeang ge asa tatal,
ningali ka Raden Pandji,
ngan kapaksa barangtoeang oekoer njagap.

12. Pangkoer.

1. Parantos noe barang toeang,
ladjĕng njaoer Kangdjĕng Mangkoe Nagari:
„Ĕngke sadajana koempoel,
kira satĕngah dlapan,
dek noemboean kalakoean tadi goejoer,
iring-iringan ti beurang,
ladjĕngkeun ĕngke ti peuting".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

2. Sadaja oendjoek soemangga,
enggal bae sadaja pada moelih,
bĕrĕkatna mah ti poengkoer,
dibawa pandakawan,
sami oentoeng digarotong ambarikoet,
sadajana menak-menak,
kotjap geus soemping ka boemi.

3. Tjatoer sagarwa-garwana,
barang ningal rakana ĕnggeus soemping,
ti medan mĕntas ngarioeng,
ladjĕng moeka bĕrĕkat,
sadajana para istri sami oentoeng,
enggal ladjĕng ditaroeang,
katoeangan noe rarĕsmi.

4. Sinigĕg istri noe toeang,
katjarios harita teh geus wĕngi,
dikira djam taboeh toedjoeh,
tras dangdan pra amtĕnar,
para rĕgen para menak para ratoe,
para pangeran sadaja,
panganggo anoe rarĕsmi.

5. Sinigĕg menak noe dangdan,
kakotjapkeun Kangdjĕng Mangkoe Nagari,
nimbalan ka para ratoe,
panganten teh dangdanan,
noe di lĕbĕt gan Ajoe Kantjana Ratoe,
sarĕng Raden Ardi Soma,
geuwatkeun kaboedjĕng wĕngi.

6. Enggal para radja djĕngkar,
noe kaloear kalĕbĕt masing-masing,
pahiboet noe oeroes-oeroes,
njadiakeun djoli mas,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

noe di lĕbĕt ngadangdosan agan Ajce,
tjoehtjih menak noe diloear,
enggal harita tarapti.

7. Ngadjadjar para amtĕnar,
sadajana naritih koeda sami,
ngalioed di aloen-aloen,
ngabaris di paměngkang,
raang damar lampoe rantoej mani pinoeh,
istolop manglaksa-laksa,
bĕbĕtek saboeděr nagri.

8. Tjaang oepami ti beurang,
langkoeng rĕsmi damar lilin ngabaris,
damar sewoe mah geus poegoeh,
lir goenoeng kahoeroean,
siang ngĕmpoer marakbak estoening loetjoe,
ting karĕtip ting boerinjaj,
sapĕrti bintang di langit.

9. Katingal ti kaanggangan,
eta damar hibar lir lajoeng koening,
katĕbak koe angin lĕmboet,
ting karitjeup tjahjana,
tjaang ngĕbrak di nagri Djogdja koe lampoe,
moeroeboel ti mana-mana,
balawiri noe ningali.

10. Sĕsĕk djĕdjĕl di nagara,
koe abdina Kangdjĕng Mangkoe Nagari,
istri paměgĕt ngagimboeng,
kolot boedak daratang,
ti soeklakna ti sikloekna pada koempoel,
hajang ningal pangantenan,
abdi-abdi sami nganti.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

13. Kinanti.

1. Katjarios agan Ajoe,
panganten poetra djĕng goesti,
beunang nganggo geus sadia,
geus mĕdal ti djĕro poeri,
digòndeng koe noe garańdang,
diiring koe para sĕlir.

2. Ti pajoen njai toemĕnggoeng,
dihapit koe garwa goesti,
didjadjar koe para garwa,
ngaping ĕnden radja poetri,
Neng Ajoe Kantjananingrat,
langgeor angkat noe geulis.

3. Ngalenghoj sĕmoe noe aloem,
aloemna ngahoedang wingit,
katambah tjahaja moebjar,
bentang Mangkoenagaran sri,
geulis taja sasamina,
soemping ka mandapa roekmi.

4. Harempoj lĕnggah gan Ajoe,
dina korsi adoe manis,
ngarendeng sarĕng rakana,
ngalĕngkong linggih 'na korsi,
didjadjar para pangeran,
disarib koe para goesti.

5. Ladjĕng Pangeran ngadawoeh,
nimbalan ka para mantri,
hajoh geuwat geura mangkat,
seungeut mariĕm sing nitir,
enggal pahiboet sadaja,
tjoehtjih marentah paboeis.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

6. Mariĕm diseungeut djĕdoer,
morobot bĕdil pĕrdjoerit,
gĕr tatabeuhan disada,
ngagoeroeh asa ka indit,
eundeur gendjlong sanagara,
boemi lir ibarat lini.

7. Katjĕloek ka-awoen-awoen,
kadjamparing angin-angin,
kotjap ka para hiangan,
pesta rame liwat saking,
loba djalma sanes bangsa,
moeroeboel ti lian nagri.

8. Katjarios agan Ajoe,
panganten poetra dipati,
geus nitih djampana ĕmas,
raka raji sami nitih,
enggal harita hĕlaran,
dihapit pamagĕr sari.

9. Oemboel-oemboelna mĕlĕngkoeng,
lawe rontek kanan keri,
kiwa tĕngĕn para menak,
diiring para bopati,
ti pajoen para pangeran,
sami pada nitih rangin.

10. Leugeudeud ka aloen-aloen,
noe hĕlaran langkoeng rasmi,
sadaja nitihan koeda,
patĕgĕp paginding-ginding,
pala poetra sadajana,
nitih koeda sami njirig.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

11. Palatoekna ge soldadoe,
pada toempak koeda sami,
nja eta soldadoe oesar,
make saparabot djoerit,
njoren pĕdang sami ngangsar,
tali bandangna pasalit.

12. Toeroektoek soara tamboer,
soeit mĕlas-mĕlis soeling,
ajeuh-ajeuhan noe soerak,
anoe nongton balawiri,
sĕsĕk djĕdjĕl di nagara,
paboeis menak djeung koering.

13. Hĕlaran di aloen-aloen,
panganten poetra djeung poetri,
nitihan djampana ĕmas,
katodjo koe damar lilin,
keur endah taja tjatjadna,
tambah panganggo raspati.

14. Beuki woewoeh bae loetjoe,
narimbang sĕmoe noe geulis,
katingal ti kaanggangan,
djiga widadari linggih,
noe ningal sami kagiwang,
pamĕgĕt sinarĕng istri.

15. Para pangeran pra ratoe,
toenggang koeda ngaping djoli,
papak pangeran maridang,
tali bandangna pasalit,
ti pajoen para nonoman,
anoe tjakĕt kana djoli.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

16. Alon angkat hanteu roesoeh,
kawantoe hělaran wĕngi,
Neng Poetri Katjananingrat,
ngĕloek sĕmoe noe pirhatin,
emoet ka Pangeran Poetra,
ka Den Pandji Kĕrneng Pati.

17. Sigĕg hělaran Gan Ajoe,
„kotjapkeun deui Den Pandji,
noe linggih di kapatihan,
Raden Pandji Kĕrneng Pati,
keur waktoe wĕngi harita,
teu ngiring kasoekan galih.

18. Teu toemoet hělaran ratoe,
rehing eukeur nimbang galih,
margi roesiah maksoedna,
soepaja pinanggih hasil,
salamĕt lampah andjeunna,
wiloedjĕng loeloesing diri.

19. Maksoed Pandji rek ngarĕboet,
ka Enden Kantjana poetri,
waktoe harita den Poetra,
ngĕmplong galih liwat saking,
margi roesiah noe ĕnja,
geus katjangkol dina galih.

20. Seg dangdan Raden poetra goeng,
Raden Pandji Kĕrneng Pati,
bĕndo boeleud dirarapat,
sawitan satria manis,
pangaos pat poeloeh lima,
boeatan Solo noe manis.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

21. Sindjangna giringsing agoeng,
giringsing wajang raspati,
lantjingan soetra kasoemba,
disontogkeun nganggo djĕpit,
didjĕpit koe pasmen ĕmas,
raksoekan potongan sĕnting.

22. Nganggo ĕlas djeung sapatoe,
sĕp doehoeng njoengklang di gigir,
nganggo kampoeh sal pĕrĕmas,
ditjindoeng diboeni-boeni,
ditĕrĕgos soetra bodas,
tinaretes intĕn roekmi.

23. Rante erlodji ditaboer,
koe intĕn bĕrlian adi,
tali bandang keri kanan,
parantos nganggo Den Pandji,
sampoerna taja kakirang,
noe gandang satria manis.

14. Dangdanggoela.

1. Enggal mĕdal Pandji Kĕrneng Pati,
alon angkat titih estoe tata,
ngadĕg di pajoeneun songko,
matĕk sabda halimoen,
adjian paranti ngaleungit,
malar taja noe ningal,
wantoe rek ngarĕboet,
rek ngiwat pangaten anjar,
Éneng poetri Kantjananingrat noe geulis,
noe keur hĕlaran tea.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

2. Bĕsat angkat Pandji Kĕrneng Pati,
soep moeloeboes ka djalma noe loba,
njĕlĕndĕp ka noe laladjo,
broel djalma ngaler-ngidoel,
padoepak reudjeung bapa maling,
tibalik noe teu njimpang,
rea anoe laboeh,
anoe ngadoepak disepak,
djalma njingraj didoepakan koe Den Pandji,
bĭoegblĕg djalma ngadjopak.

3. Noe nangkarak noe laboeh tigoeling,
didoepakan koe Den Pandji poetra,
reh djirimna teu katembong,
goergĕr djalma galoejoer:
„Eh bĕt aja noe njiliwoeri,
soegan djoerig moeriang,
djeung djĕlĕma tjampoer,
oerang mah sieun katjida".
Reudjeung djalma loba anoe oetah gĕtih,
sakoer anoe kadoepak.

4. Raden Pandji napsoe tatjan bidjil,
amarahna dipakoeng harita,
ngan hawana noe bidjil teh,
tatapi matak goejoer,
bawaning bangĕt eukeur poesing,
bidjilna sok ngaroeksak,
djalma kabeh goejoer,
tjektjok djeung pada batoerna,
birat kabeh djĕlĕma mani paboeis,
sieun djoerig moeriang.

5. Raden Pandji harita geus soemping,
ka alœen-aloen seg ngad'g dinja,
handapeun tjaringin kaler,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

tapi taja noe wĕroeh,
menak koering hanteu ningali,
geus poegoeh bangsa somah,
kabeh geus teu wĕroeh,
ka Pangeran Pandji poetra,
rehing Raden ngawatĕk ilmoe sadjati,
tara katendjo djalma.

6. Raden ngadĕg handapeun tjaringin,
bari ngaos ilmoe pipahokan,
raden teh sidakĕp ngoelon,
mĕgat panganten rawoeh,
Raden Pandji langkoeng sajagi,
leugeudeut noe hĕlaran,
djampanana hoeroeng,
Neng poetri Kantjananingrat,
ngĕloek linggih dina djoli ĕmas koening,
ngarendeng djeung rakana.

7. Raden Pandji barangna ningali,
ka gan Ajoe Neng Kantjananingrat,
galih Raden Pandji soerser,
klĕsĕd poetra sinoehoen,
angkat laoen Den Kĕrneng Pati,
srog njakĕtan djampana,
sarĕng galih ratoeg,
ningal neuteup ka Neng Ningrat,
Raden Pandji keuheul soerser lĕbĕt galih,
enggalna Pandji poetra.

8. Kĕk ditjandak angkeng ĕnden poetri,
ti djampana dipoenggoe ka loear,
bĕsat Raden Pandji Anom,
nglĕmĕt djeung djalma tjampoer,
anging taja anoe ningali,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Bebas Pustaka

ka Raden Pandji poetra,
sarĕng ka Neng Ajoe,
sabab ngaos halimoenan,
Raden Pandji Kĕrneng Pati noe bĕrboedi,
geus mĕdal ti nagara.

9. Enggal bae Pandji Kĕrneng Pati,
ladjĕng liren deukeut katja-katja,
sinarĕng ĕnden panganten,
enggalna tjoetjoel-tjoetjoel,
sigĕr pamĕngkĕr djeung soesoemping,
kangkaloeng miwah geulang,
sadaja ditjoetjoel,
margina galih Neng Ningrat,
geus kantĕnan disoesoel koe Soma Ardi,
rehing maok andjeunna.

10. Raden Pandji njaoer ka Neng Poetri:
„Enden mangga montong angkat njatjat,
koe ĕngkang diĕmban bae".
Enggal poetri dipoenggoe,
koe rakana Pangeran Pandji,
djeung ngadjingdjing gembolan,
panganggo gan Ajoe,
harita Raden geus djĕngkar,
djam sapoeloeh wĕngi angkatna den Pandji,
sigĕg Pandji noe angkat.

11. Katjarios panganten lalaki,
Raden Soma Ardiningrat tea,
dina djampana ngagĕro,
kaleungitan gan Ajoe,
sasambat ka para bopati,
sarĕng ka pra pangeran,
sasambatna toeloeng.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

bari nangis gĕgĕroan,
pokna toeloeng poetri leungit tina djoli,
rĕg moengkoer sadajana.

15. Pangkoer.

1. Goergĕr menak sadajana,
pra pangeran pra bopati pra mantri,
ngalioed di aloen-aloen,
sadaja sami heran,
pada bĕngong pada kaget para ratoe,
hoelĕng pra rĕgen sadaja,
soesahna kaliwat saking.

2. Gan Ajoe Kantjananingrat,
poetra istri kangdjĕng Mangkoe Nagari,
leungit hanteu poegoeh-poegoeh,
saha djalma noe ngiwat,
bisa tĕmĕn tĕgĕsing lalanang poendjoel,
Raden Soma Ardiningrat,
loengsoer tị djampana roekmi.

3. Nong bĕnde nitir sadaja,
tatabeuhan djĕmpe taja noe moeni,
para bopati pahiboet,
goejoer para amtĕnar,
tina margi panganten leungit teu poegoeh,
Pangeran Mangkoe Nagara,
kenging wartos poetra leungit.

4. Pahiboet anoe neangan,
balawiri pangeran djeung bopati,
anoe ngaler anoe ngidoel,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

anoe ngoelon noe ngetan,
ronda kampoeng ngoebĕk dina djĕro lĕmboer,
ronda idĕr toeroet djalan,
tjoehtjih menak pada singkil.

5. Raden Soma Ardiningrat,
enggal marĕk ka lĕbĕt ka djro poeri,
oendjoek hatoer ka Sang Ratoe,
ka djĕng Mangkoe Nagara,
agĕloek toengkoel oendjoekan bari njoeroetjoed,
doeh goesti poetra gamparan,
leungit tina djĕro djoli.

6. Raden Soma keur oendjoekan,
teu katahan ngoetjoer tjisotja nangis,
ngagĕbĕg Mangkoe kadatoen,
enggal walon pangeran,
kieu saoer Pangeran Mangkoe kadatoen:
„Ari salĕbah ama mah,
teu borong noe boga wadjib.

7. Ama mah ngan kari bangsa,
noe wadjib mah da ngan agoes pribadi,
rek disoesoel koema' agoes,
rek hĕnteu koema dinja".
Katjarios prameswari sang paraboe,
midangĕt poetrana ilang,
dĕngek lolongseran nangis.

8. Noe soeka kaganti doeka,
para garwa sadaja sami nangis,
goejoer di lĕbĕt ngagoeroeh,
para istri sadaja,
para ĕmban sadajana ting rarĕgoeh,
nangisan poetra noe ilang,
ting darĕngek ting djalĕrit.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

9. Rob para rĕgen sadaja,
di paměngkang heurin koe pra bopati,
Pangeran Mangkoe ngadawoeh,
moepakat djeung sadaja,
tjing koemaha ajeuna teh para ratoe,
koeĭa mah taja pĕtana,
njoesoel eta bapa maling.

10. Tjoengtjong njĕmbah sadajana:'
„Noen soemoehoen abdi ge kitoe deui,
geus teu wantoen abdi njoesoel,
Pangeran Pandji poetra,
geus kantĕnan noe maling Kantjananingroem,
reh hĕnteu aja di medan,
teu ngiring kasoekan Goesti".

11. Sadaja para pangeran,
ĕnggeus njangka ka Raden Kĕrneng Pati,
noe mawi teu wantoen njoesoel,
kitoe sangka sadaja,
sinarĕngan galih sang Pĕrĕboe Mangkoe,
taja sanes noe disangka,
ngan Rahaden Kĕrneng Pati.

12. Kieu tjindĕkna ajeuna,
geus teu borong eta noe boga wadjib,
ajeuna mah geura soesoel,
eta maling agoena,
pilahirna Pangeran Mangkoe kadatoen,
nimbalan ka mantoe tea,
geuwat pĕgat bapa maling.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

16. Magatroe.

1. Katjarios Raden Soma mantoe ratoe,
midangĕt lahir goesti,
poesingha kaliwat langkoeng,
tjong njĕmbah ti pajoen goesti,
soep lĕbĕt ka djĕro gĕdong.

2. Enggal bae Ardi Soma tjoetjoel-tjoetjoel,
sigĕr miwah soesoemping,
kilat bahoe djeung kangkaloeng,
sadajana geus lastari,
digĕntos koe oedĕng Solo.

3. Singsĕt Raden dangdosan panganggo poepoeh,
tĕdakna lir Sĕntjaki,
tjĕtaan niron Bimanjoe,
wantoe boeat njoesoel poetri,
nganggona Raden parantos.

4. Enggal bae harita marĕk ka ratoe:
„Koelanoen kangdjĕng Goesti,
abdi soemĕdja dek njoesoel,
njoehoenkeun djiad djĕng goesti,
moegi kabantoen Neng Anom".

5. Dawoeh kangdjĕng Pangeran Mangkoe kadatoen:
„Pek bae geura indit,
sing kabawa ĕneng ajoe".
Tjedok njĕmbah Soma Ardi,
indit ti pajoen Sang Katong.

6. Enggal djĕngkar gadag-gidig bari toengkoel,
doehbeng njoengklang ti gigir,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

sindjang digiling ka loehoer,
pantĕs pisan anoe poesing,
soep lĕbĕt ka leuweung ganggong.

7. Sigĕg deui Ardi Soma noe keur njoesoel,
kotjap deui djĕng goesti,
Pangeran Mangkoe kadatoen,
nimbalan ka pra bopati:
„Ajeuma para boepatos.

8. Sadajana para pangeran toemĕnggoeng,
oelah waka maroelih,
bok bilih mangsa ka pajoen,
Raden Pandji Kĕrneng Pati,
tangtoena bakal ngadjodo",

9. Tjek sadaja: „Ngiringan dawoeh Sang Pĕrboe".
Enggal harita moelih,
para pangeran pra ratoe,
masing-masing tĕmpat sami,
sadaja ĕnggeus makoewon.

10. Kotjap deui Pangeran Mangkoe kadatoen,
toeloej andjeunna njĕpi,
boes ka kamar sang paraboe,
ladjĕng pantona disosi,
tirakat kangdjĕng boepatos.

11. Nĕda-nĕda ka Goesti Noe Maha Agoeng,
tirakat siang wĕngi,
tina manahna ka langsoe,
njidra ka Pangeran Pandji,
tina saoerna bareto.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

12. Moegi-moegi loeloes lampahna Neng Adjoe,
ka Pandji Kĕrneng Pati,
moegi salamĕt rahajoe,
nĕda ka Goesti Jang Widi,
hantĕr samar ka Jang Manon.

17. Asmarandana.

1. Toenda lampah kangdjĕng Goesti,
anoe eukeur ngangloeh manah,
kotjapkeun Pangeran Anom,
Raden Pandji Kĕrneng poetra,
sarĕng Kantjananingrat,
angkat toeroet-toeroet goenoeng,
njorang kana paleuweungan.

2. Neng poetri prihatin galih,
bawaning bela ka raka,
waktoe harita seg liren,
doeaan sisi waloengan,
tjaina langkoeng herang,
ngaranna Tji Tĕgal Moendoeh,
wahangan lĕga katjida.

3. Doegina ka pinggir kali,
harita den Kĕrneng poetra,
kintĕn poekoel gĕnĕp jaktos,
ladjĕng ngarĕrĕb sakĕdap,
sinarĕng Neng Kantjana,
gĕlĕnjoe ĕnden pioendjoek,
ka Pangeran Pandji poetra.

4. „Doeh ĕngkang moestika galih,
kĕmbang sotja salawasna,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

bĕndara djoengdjoenan hate,
koemaha ĕngkang pĕtana,
sok risi mamanahan,
kantĕnan aja noe njoesoel,
oerang koemaha pĕtana?"

5. Ngawalon Rahaden Pandji:
„Ĕh ĕneng montong salĕmpang,
ĕngkang moal moendoer hate,
taroeng djeung si Ardi Soma,
nadjan diroeroeg pĕrang,
masih koe Pangeran Kĕdoe,
koe bapana Ardi Soma.

6. Geus kantĕnan ĕngkang njai,
ngalawan sabisa-bisa,
djeung ĕneng beunang kabojong,
ĕngkang teh era katjida,
kalah koe Ardi Soma,
noe matak wani ngarĕboet,
ĕngkang wani djeung pĕrangna".

7. Barang eukeur goenĕm warti,
djĕboel anoe njoesoel datang,
Raden Ardi Soma anom,
Neng poetri Kantjananingrat:
„Toeh ĕngkang Ardi Soma,
kantĕnan ka oerang njoesoel,
geuwat ĕngkang oerang meuntas".

8. Enggal meuntas Raden Pandji,
sarĕng Neng poetri Kantjana,
meuntasna dipoenggoe bae,
koe Rahaden Pandji poetra,
barang nĕpi ka tĕngah,
kĕtjĕboer den Soma njoesoel,
barina djeung gĕgĕroan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

9. „Dagoan koe sia iblis,
nja sia anoe ngabangsat!"
Raden Pandji djongdjon bae,
meuntas di tĕngah wahangan,
barang dongkap ka darat,
den Pandji nonggengan boedjoer,
ka Den Soma Ardiningrat.

10. Sarta den Pandji ngalahir:
„Geuwat-geuwat sia setan!
moen ĕnja digdjaja djago,
deuleu pamadjikan sia,
koe aing ditjioeman,
na sia teu boga poetjoes,
teu njaah ka pamadjikan?"

11. Sarĕng singkil Raden Pandji,
nangtangan ka Ardi Soma,
lat Rahaden Soma Anom,
bawaning panas koe garwa,
ngagidir bari meuntas,
napsoena tambah ngadoedoed,
madjoe hanteu moendoer manah.

---

18. Doerma.

1. Katjarita Ardi Soma geus ka darat,
barina reudjeung singkil,
den Pandji pĕpĕta,
enggal den Soma nanja:
„Sia masing ati-ati,
eh sia bangsat,
kadieukeun nji poetri".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Badan Pustaka

2. Tjangkĕr walon Raden Pandji Kĕrneng poetra,
„Mo dibikeun koe aing!"
Napsoe Raden Soma,
ngadegdeg salirana,
Raden Soma langkoeng poesing,
singkil panangan,
„Tjing djaga peureup aing".

3. Pandji poetra enggal pasang koeda-koeda,
rekep pasang Den Pandji,
tjoba geura djalan,
sĕbroet nondjok Den Soma,
ditakis koe Raden Pandji.
peureup ngagiwar,
gantjang pangĕles Pandji.

4. Raden Soma tambah poesing djĕro manah,
sĕbroet nondjokna deui,
njingtjĕt Raden poetra,
disapoe djeung ditĕpak,
gĕboet Den Soma ngagoeling,
nangkoeban pisan,
ngemprakan ĕnden poetri.

5. „Hajoh lawan soegan era bĕt ngadjoprak,
meureun kami teu soedi,
dikawin koe sia".
Kakoeping koe Den Soma,
saoerna teh ĕnden poetri,
Den Soma tjĕngkat,
hoedang panganggo boesik.

6. Raden Pandji noelak tjangkeng bari tanggah,
„Pek geura djalan deui",
ngarontok Den Soma,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

troes galoengan patĕlaĸ,
Den Soma sarĕng Den Pandji,
Den Soma newak,
kana angkeng Den Pandji.

7. Raden Pandji dibalang koe Ardi Soma,
koleang Raden Pandji,
tjlĕg Den Pandji baksa,
Den Soma bĕngong manah,
sarta toeloej ngĕmbat kĕris,
„Geura heh tadah,
tah deuleu kĕris aing".

8. Raden Pandji ngawalon ka Ardi Soma:
„Seg montong rea biwir,
geura soedoek oerang".
Soma kĕrisna ngabar,
sĕwoek nĕwĕk ka Den Pandji,
enggal ditĕpak,
kĕris ngĕloek lir tjatjing.

9. Kĕk ditjandak Ardi Soma koe den poetra,
bloek dibalangkeun tarik,
Den Soma nangkoeban,
troes diirik harita,
digangsor dina kikisik,
lĕboer awakna,
boloboran koe gĕtih.

10. Raden Soma ngĕdjat loempat geus teu tahan,
loempat barina tjeurik,
panganggona roeksak,
salirana gĕtihan,
loempat poesing bari tjeurik,
Den Ardi Soma,
arek saraja djoerit.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

11. Sanggeus ngĕdjat Raden Soma Ardiningrat,
katjarios geus soemping,
ka nagri ramana,
ka dajeuh Kĕdoe tea,
enggalna marĕk ka goesti,
Den Ardi Soma,
njondong ramana linggih.

12. Gĕbĕg rama ningali ka Ardi Soma,
goegoep mariksa Goesti:
„Na koe naon oedjang,
awak maneh teh roeksak,
bĕt bobolokot koe gĕtih?"
Tjong poetra njĕmbah:
„Noen sim abdi teh djoerit.

13. Margi abdi njoesoel nji poetri Kantjana,
dipaling Kĕrneng Pati,
lĕbah peupeuntasan,
kasoesoel bodjo tea,
dibawa koe bapa maling,
poetri Kantjana,
seg ditewak koe abdi.

14. Bapa maling malikan ngamoek ngalawan,
ladjĕng pĕrang djeung abdi,
abdi hĕnteu tahan,
doemoegi abdi kalah".
Gĕbĕg ramana ngagidir,
beureum rarajna,
poesing kaliwat saking.

15. Ningal poetra salirana wani roeksak,
enggal nimbalan patih:
„Patih, geuwat dangdan,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

koempoelkeun balad-balad,
oerang ngaroeroeg si Pandji,
Si Kĕrneng poetra,
reh maling mantoe kami.

16. Sing sadia sakabeh soldadoe hoesar,
pakakas prabot djoerit,
samalah djeung koela
bisi bae teu koeat".
Enggal angkat raden patih,
ngoempoelkeun balad,
enggalna geus sajagi.

17. Djeung parabot djoerit geus sadia pisan,
di aloen-aloen baris,
pangeran nonoman,
tjarakĕp toenggang koeda,
tali bandangna pasalit,
ngaragĕm pĕdang,
kewĕs pantĕs garinding.

18. Reudjeung omjok nalambroe dina taktakna,
ngaranggo songko petji,
kostim kadjĕnĕngan,
garandang tatandangna,
para pangeran prĕdjoerit,
sami sadia,
tjatoer deui djĕng goesti.

19. Nganggo-nganggo harita ĕnggeus sadia,
nganggo parabot djoerit,
gandangna lir Boma,
geus parantos nganggona,
poetrana pon kitoe deui,
Den Ardi Soma,
nganggona lir Sĕntjaki.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

20. Katjarios den patih anoe keur dangdan,
sĕgoetna liwat saking,
pantĕs senapatya,
hese bandinganana,
pĕdangna make gilinding,
pandjang katjida,
djeung disolendang koening.

21. Pasmen ĕmas ngadjĕpat roebak satampah,
dina taktak den patih,
nja kitoe omjokna,
rantĕng tali bandangna,
enggal loengsoer raden patih,
ti kapatihan,
toenggang koeda toer ginding.

22. Koeda patih mĕlĕngkoeng seg njirig malang,
diiring para mantri,
di aloen-aloenna,
toeloej nàtakeun balad,
beres baris para oepsir,
sami ngadjadjar,
kari ngantos djĕng goesti.

---

19. Kinanti.

1. Katjarios sang paraboe,
geus mĕdal ti djĕro poeri,
ngadĕg di lawang paměngkang,
poengkoereun Den Soma Ardi,
djĕpret padjĕngna diboeka,
titihan ĕnggeus tjoemawis.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

2. Pangeran Kĕdoe seg loengsoer,
gasik kana koeda nitih,
diaping para ponggawa,
kiwa tĕngĕn ngaping goesti,
leugeudeut sang radja djĕngkar,
diiring koe para mantri.

3. Geus soempiŋg ka aloen-aloen,
njondong soldadoe geus baris,
gasik pangeran nimbalan,
ka den patih Mangkoe Biting,
hajoe patih oerang mangkat,
sĕdĕng waktoena moestari.

4. Den patih nimbalan goegoep,
marentah ka para oepsir,
geura seungeut mariĕmna,
kotjap oepsir toekang bĕdil,
soet njeungeut mariĕm tea,
djĕgoer mariĕm sakali.

5. Dibaroeng tamboer noeroegtoeg,
soeit mĕlas-mĕlis soeling,
torotot tarompet pĕrang,
leugeudeut angkatna goesti,
kiwa-tĕngĕn pra koemĕndang,
ti pajoen ti poengkoer oepsir.

6. Oemboel-oemboelna mĕlĕngkoeng,
lawe rontekna ngahapit,
ajeuh-ajeuhan di djalan,
soldadoe sarĕng pra mantri,
karsana ngaloeroeg pĕrang,
ka Den Pandji Kĕrneng Pati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

7. Matak rĕsĕp noe ngaloeroeg,
woewoeh matak kĕlar galih,
papak pangeran maridang,
sami nitih koeda sami,
Raden Soma Ardiningrat,
sapoengkoereunana goesti.

8. Leknan sarsan djeung soldadoe,
rawoeh ponggawa pra mantri,
ngaleut ngeungkeuj sadjadjalan,
ngagoeroeh sada kaindit,
ngabreng-brengan tamboer pĕrang,
torotot tarompet djoerit.

9. Sigĕg heula noe ngaloeroeg,
Pangeran Kĕdoe nagari,
njarioskeun raden poetra,
Raden Pandji Kĕrneng Pati,
sinarĕng Kantjana Ningrat,
lalinggih di sisi tjai.

10. Manahna poetra Sinoehoen,
eukeur ngantos-ngantos djoerit,
kantĕnan diloeroeg pĕrang,
koe Pangeran Kĕdoe nagri,
koe ramana Ardi Soma,
geus kantĕnan malĕs poelih.

11. Kotjap deui noe ngaloeroeg,
geus tĕpi ka pinggir kali,
kĕbat sadajana meuntas,
geus handjat kabeh prĕdjoerit,
watĕs Soerakarta pisan,
sakabeh tata pĕrdjoerit.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

12. Tjarios Kantjana Ningroem,
barang ningali pĕrdjoerit,
ngarandjoeg kaget manahna,
ningal balad pĕladjoerit,
ladjĕng oendjoekan ka raka,
ka Pangeran Kĕrneng Pati.

13. „Eh goesti dioengdjoenan kalboe,
tingali itoe pĕrdjoerit,
ĕngkang koemaha pĕtana,
abdi mah palaoer teuing,
kantĕnan dihoeroep pĕrang,
koe Pangeran Kĕdoe nagri.

14. Soldadoe bĕreboe-reboe,
abdi ĕngkang keueung teuing,
ningal ka salira ĕngkang,
alit rĕsmi matak kĕtir,
ĕh goesti raka bĕndara,
inggis teuing goesti mati".

15. Pangeran Pandji seg njaoer:
„Ĕh njai oelah rek risi,
koemaha Allah noe moerba,
ka diri ĕngkang noe laip,
ngan moegi Allah noe moerba,
aja pitoeloeng ka diri".

16. Gan poetri imoet djeung toengkoel,
ngoeping dawoeh raka manis,
ladjĕng berag mamanahan,
djeung njaoer neng poetri geulis:
„Engkang hĕnteu njana pisan,
alit-alit ageung galih".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

17. Sigĕg noe keur goeněm tjatoer,
den Poetri sarĕng den Pandji,
kotjap noe ngaloeroeg tea,
Pangeran Kĕdoe nagari,
harita geus masanggrahan,
dina pinggir eta kali.

18. Enggal baris saradadoe,
koeměndang liknan djeung oepsir,
natakeun kabeh wadya,
ngagĕlar ĕnggeus ngabaris,
oesar baris toempak koeda,
sikĕpan pĕrang ditjangking.

19. Pangeran Kĕdoe dilingkoeng,
dikoebĕng koe para mantri,
didjaga para amtĕnar,
diaping dipoesti-poesti,
raden patih seug nimbalan,
moengkoer ti pajoeneun goesti.

20. Pangkoer.

1. Raden patih seg marentah:
„Eh ajeuna wadya balad pĕrdjoerit,
djeung ieu kabeh soldadoe,
geus tong ditanja heula,
bĕrĕg bae Raden Pandji geura kĕpoeng.
koe kabeh wadya bala,
hajoh geura lingkoeng oepsir!"

2. Gĕr sakabeh wadya bala,
Kĕrneng Pati dilingkoeng koe pĕrdjoerit,
den patih kĕras ngadawoeh,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

hĕmpek bĕdil bĕkasan,
tong ditanja eta teh si bangsat asoe,
soldadoe enggal ngawĕngkang,
ngabĕdil ka Raden Pandji.

3. Noeroegtoeg bĕdil noe nembak,
bĕdil tinggar djeung bĕdil tjoeplis moeni,
pelorna pating harioeng,
tapi euweuh noe keuna,
eta pelor bĕng ka handap bĕng ka loehoer,
disiwah koe Kĕrneng Poetra,
pelorna taja noe nĕpi.

4. Raden Kĕrneng Pandji Poetra,
ditoeroegtoeg koe wadya pĕrdjoerit,
kĕk disangkeh agan Ajoe,
sĕbroet ngamoek den Poetra,
tjoestjos doehoeng ka gigir sarĕng ka pajoen,
pĕrdjoerit geus patoelajah,
diamoek koe Kĕrneng Pati.

5. Sakabeh ditjatjar bolang,
tigas patjing kabeh hoeloe pĕrdjoerit,
Raden woewoeh mingkin napsoe,
soldadoe patoelajah,
habĕn bae diamoek madjoe ka pajoen,
doehoeng noe wasiat tea,
njoroktjok ka pĕrĕdjoerit.

6. Raden hĕnteu nintjak lĕmah,
noe didampal eta hoeloe pĕrdjoerit,
napsoe Raden lir dipoeloes,
amarah kabeh boedal,
wadya bala para pangeran soldadoe,
diamoek sama sapisan,
beak toempoer loedĕs-lĕdis.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

7. Ngan tinggal patih djeung radja,
Den Soma Ardiningrat teu kabasmi,
kaopat djeung toekang pajoeng,
kabeh ponggawa beak,
ngan sakitoe anoe masih keneh hiroep,
radja kalangkoeng napsoena,
ningali balad dibasmi.

8. Raden patih ambĕk pisan,
ningal balad kabeh taja noe kari,
sor njampeurkeun patih Kĕdoe,
ka pajoeneun den Poetra,
bari nangtang den patih sarta toetoendjoek,
„Tjoba djeung aing lawanna,
sia Pandji bapa maling".

9. Den patih djeung matĕk pĕdang,
tina ambĕk patih mani ngagidir,
sĕbret den patih ngaboenoeh,
ka mastaka den poetra,
prak ditakis pĕdang koe tangan katoehoe,
potong tiloe pĕdang patya,
ditakis koe Raden Pandji.

10. Den patih hookeun pisan,
ningal pĕdang rehna geus potong deui,
sĕbret patih matĕk doehoeng,
sĕwoek nĕwĕk den patya,
koe Den Pandji ditakis doehoengna rampoeng,
potong djadi doea pisan,
eta doehoeng raden patih.

11. Kotjap doehoeng Kĕrneng poetra,
noe dianggo nakis doehoeng den patih,
bioer doehoeng Pandji ngapoeng,
tinggal landeanana.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

Raden Pandji Kĕrneng Pati bingoeng kalboe,
kotjap eta doehoeng tea,
loentjat ka pajoeneun Goesti.

12. Sinoehoen waktoe harita,
keur linggih dina katil adoe manis,
barang ningali sinoehoen,
di pajoen kĕris tea,
sarta nangtoeng pinoeh gĕtih mani hoeroeng,
barang diawaskeun pisan,
tetela kĕris ki Pandji.

13. Sinoehoen enggal nimbalan.
ka patih noe kaparĕk nomĕr hidji,
Patih Mangkoe Alam Agoeng,
dawoeh sinoehoen tea:
„Geuwat-geuwat anak kami geura boeroe,
ajeuna keur diloeroegan,
koe Pangeran Kĕdoe nagri.

14. Tangtoena diloeloegoean,
koe bapana eta si Soma Ardi,
eta koe Pangeran Kĕdoe,
estoe handjakal pisan,
bĕnĕrna mah keun bae montong ditoeloeng,
ajeuna geuwat tjangkalak,
tangkĕp tambaloeng koe patih".

15. Raden patih tjedok njĕmbah,
geus ka loear ti pajoeneun djĕng goesti,
enggal ngoempoelkeun soldadoe,
harita geus sadia,
raden patih nganggona kalangkoeng sĕgoet,
tjakĕp saparabot pĕrang,
wantoe bakal mĕgat djoerit.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

21. Magatroe.

1. Katjarios raden patih mĕgat toeloej,
djeung kabeh wadya Goesti,
bade mapag eta moesoeh,
moesoeh Pandji Kĕrneng Pati,
Pangeran Kĕdoe noe jaktos.

2. Patih Solo angkatna kalangkoeng roesoeh,
kotjap bae geus soemping,
kana tĕmpat pĕrang poepoeh,
brĕg baris kabeh pĕrdjoerit,
ningal noe madjĕng paloegon.

3. Raden Pandji keur pĕrang djeung patih Kĕdoe,
Den Pandji rada sisip,
wantoe diadoe djeung sĕpoeh,
kasaktenna ampir sisip,
ampir kawon raden anom.

4. Barang ningal patih oetoesan sinoehoen,
ka Raden Kĕrneng Pati,
keur ngabĕn kaliwat langkoeng,
reudjeung Patih Kĕdoe nagri,
eukeur digangsor den Anom.

5. Patih Mangkoe sĕmproeng madjĕng kana poepoeh,
noeloengan Kĕrneng Pati,
barang gok teh Patih Mangkoe,
ngalahir ka Raden Pandji:
„Njingkir heula Raden Anom!"

6. Raden Pandji kaloear keur pĕrang tjampoeh,
boes patih pada patih,
dĕr pĕrang rame kalangkoeng,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

dasar patih pada patih,
děk djogol padogong-dogong.

7. Silih sered dina taneuh wani ngěboel,
reh poesing pada poesing,
Den Patih Mangkoe kadatoen,
tjampoehna kaliwat saking,
pěrangna digdjaja tanggoh.

8. Patih Kědoe disered gěbloeg ngoedoepoeng,
djeung toeloej ditampiling,
or oetah gětih djeung toetoeng,
geuneuk sakabeh djasmani,
rět dirante dibarogod.

9. Katjarios Pangeran Sri Maha Kědoe,
ningal patih ngagoeling,
dirante djeung ditambaloeng,
ser manah madjoe pribadi,
kěrsana ngadoe rěrěmpon.

10. Enggeus dongkap kana těmpat pěrang poepoeh,
Pangeran Kědoe nagri,
prok těpang djeung Patih Mangkoe,
Pangeran Kědoe ngalahir,
ka patih oetoesan Solo.

11. „Hajoe patih reudjeung aing pěrang poepoeh".
Patih Mangkoe ngalahir:
„Hajoe aing moal moendoer,
nja aing oetoesan Goesti",
Pangeran Kědoe ngawalon.

12. „Montong ngomong hajoe bae pěrang poepoeh",
lat Raden Arja patih,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

toeloej bae pĕrang tjampoeh,
Pangeran Kĕdoe djeung patih,
digdjaja sami karahot.

13. Tjoestjos doehoeng papintĕran pĕrang tjampoeh,
silih takis koe kĕris,
pĕrang sami pada wĕdoek,
Pangeran Kĕdoe djeung patih,
tjoel kĕris dĕr bae djogol.

14. Silih sered dina taneuh wani ngĕboel,
silih gĕnti ngabanting,
patih djeung Pangeran Kĕdoe,
Pangeran Kĕdoe dikĕlid,
gĕboet rob pada ngaronom.

15. Pek ditangkĕp dirante djeung ditambaloeng,
koe sakabeh pĕrdjoerit,
sĕwoek poetrana rek ngamoek,
ditewak koe Kĕrneng Pati,
rob Den Soma dibarogod.

16. Sadajana harita geus ditambaloeng,
rama poetra djeung patih,
djeung kaopat toekang pajoeng,
diiringkeun koe pĕrdjoerit,
ĕneng poetri Anom nongton.

22. Sinom.

1. Broel sadaja sami djĕngkar,
moelih tina oeroet djoerit,
rawoeh Neng poetri Kantjana,
sarĕng Raden Kĕrneng Pati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

djeung Patih Mangkoe Boemi,
ngiringkeun bojongan ratoe,
Pangeran Kĕdoe tea,
Raden Soma reudjeung patih,
djeung kaopat toekang pajoeng Kĕdoe tea.

2. Teu katjarios di djalan,
patih oetoesan geus soemping,
ka Soerakarta nagara,
ka pajoen Sinoehoen Goesti,
tjong njĕmbah patih linggih,
mando pajoeneun Sinoehoen,
kangdjĕng Sinoehoen lĕnggah,
lĕnggah dina korsi gading,
barang ningal ka Pangeran Kĕdoe tea.

3. Dawoeh Sinoehoen harita:
„Aeh Patih Mangkoe Boemi,
tong loba deui tjarita,
eta si Kĕdoe nagari,
anakna rawoeh patih,
djeung sabondorojot ti Kĕdoe,
miwah kadang sanakna,
seke seler anak rabi,
geura boeang ka loear ti poelo Djawa".

4. Gantjang harita diboeang,
ka loear ti poelo Djawi,
disiringkeun oenggal djalan,
Pangeran Kĕdoe djeung patih,
saanak rabi indit,
sabondorojot teu kantoen,
diboeangna ka Padang,
djalan laoet kapal api,
diboeangna saoemoer hiroep di doenja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

5. Sinigĕg noe keur diboeang,
kotjapkeun Sinoehoen Goesti,
harita miwarang njĕrat,
ka djoeroe basa binangkit,
dawoehan kangdjĕng Goesti,
gingsir linggih paman pĕrboe,
kangdjĕng Mangkoe Nagara,
enggal djoeroe sĕrat noelis,
geus parantos seg ngoetoes ka opat oepas.

6. Harita oepas geus iang,
ka Jogjakarta nagari,
teu katjarios di djalan,
ka Jogjakarta geus nĕpi,
katjatoer kangdjĕng Goesti,
Pangeran Mangkoe Kadatoen,
ihtirakat geus toetas,
linggih dina korsi gading,
sawĕg lĕnggah djĕboel oepas mawa sĕrat.

7. Tjong njĕmbah oepas noe opat,
njanggakeun sĕrat ka Goesti,
enggalna sĕrat ditjandak,
sarĕng diaos sakali,
oengĕl lĕbĕting toelis:
„Alamat sĕrat Sinoehoen,
kalĕnggah kangdjĕng paman,
noe mangkoe di Jogja nagri,
awiosing tina sĕrat salam poetra.

8. Noen poetra hatoer oeninga,
hal ihwal lampah ki Pandji,
sinarĕngan toeang poetra,
Nji Ènden Kantjana poetri,
manawi rĕmpag galih,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

oerang enggalkeun saloeloet,
tjindĕkna sina nikah,
poen mamang digingsir linggih,
sinarĕngan para rĕgen sadajana.

9. Moegi mamang enggal pisan,
ka Soerakarta nagari,
diantos-antos koe poetra,
oerang ngawinkeun ki Pandji,
sakitoe lĕbĕt toelis,
tinoemoetan salam soedjoed,
sinarĕng kahormatan,
kang poetra di Solo nagri,
anoe ngĕreh sapoelo Djawa sadaja.

10. Pangeran Mangkoe Nagara,
boengah manah liwat saking,
saparantos ngaos sĕrat,
nimbalan ka pra bopati,
sadaja pra bopati,
oerang disaoer Sinoehoen,
enggal sadaja djĕngkar,
baroedal para bopati,
sarĕng kangdjĕng Pangeran Mangkoe Nagara.

11. Teu katjarios di djalan,
Mangkoe Nagra geus soemping,
ka Soerakarta nagara,
teu loba tjarios deui,
enggalna geus lalinggih,
ari saoerna Sinoehoen,
ka kangdjĕng Mangkoe Nagara:
„He mamang ieu pĕrkawis,
toeang poetra oerang tikahkeun ajeuna.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

12. Enggal Kĕrneng Pati nikah,
ka Ĕnden Kantjana Poetri,
Pangeran Mangkoe Nagara,
koe andjeunna djĕnĕng wali,
sanggeus nikah Den Pandji,
djĕgoer mariĕm saratoes,
nitir taja ĕlatna,
katambah bĕdil pĕrdjoerit,
goergĕr rame teu kanti noe tatabeuhan.

23. Kinanti.

1. Mariĕm bĕdil noeroegtoeg,
tatabeuhanana tarik,
kawantoe kaoel ka poetra,
najoeb ngibing pra bopati,
rame ti batan ka toekang,
rendenganana Den Pandji.

2. Katjarios pesta toetoep,
boebar sadaja bopati,
djalĕngkar sewang-sewangan,
sami moelih masing-masing,
para rĕgen sadajana,
baroedal sami maroelih.

3. Ieu tjarios geus toetoep,
montong dipandjangkeun teuing,
geus kĕsĕleun anoe ngarang,
ti beurang ti peuting mikir,
soepaja loeloes tjarita,
toemĕrap lajeut djeung dangding.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

4. Nĕda agoeng nja panoehoen,
ka sĕpoeh pon moerangkalih,
koemaki bibisaanan,
djeung basana langkoeng laip,
sĕmbah koering anoe ngarang,
namoeng madjĕng keneh nganggit.

5. Ditoemboean koe pikoekoeh,
soepajana maksoed hasil,
djadi tjonto anoe ngora,
lantaran emoet ka diri,
djadi loeang eta radja,
noe moengkir ka kangdjĕng Goesti.

6. Jaktos kalboe djĕng Sinoehoen,
noe kenging dianggo misil,
lian ti rido manahna,
sabab ratoe lantip galih,
noeroenna ka poetra-poetra,
djeung adil ka abdi-abdi.

7. Oelah maksoed hajang loehoer,
koedoe mikir kana diri,
masing njoreang ka raga,
tjontona radja djeung patih,
katiloe eta poetrana,
noe meunang bĕbĕndon Goesti.

8. Djadi mangproeng meuntas laoet,
meunang bĕbĕndon Jang Widi,
sabab ngarĕmpak larangan,
ngalanggar panglamar Goesti,
meunang boeang salawasna,
moal kenging moelih deui.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

9. Geus tangtoe pandjang pitoetoer,
djadi tjatoer menak koering,
memangna noe djadi menak,
bisa nimbang dosa abdi,
jasa ngalap-ngalap manah,
sangkan katoeroet koe abdi.

10. Koedoe moeroek lampah timpoeh,
bear boedi hade ati,
tĕgĕsna noe lantip manah,
jasa njoengging njaoer manis,
mareuman galih noe panas,
disindjangan koe noe manis.

11. Djadi ratoena pinoendjoel,
karantĕn lampahna adil,
soegihna doenja acherat,
galih lĕmĕs boedi manis,
katambah toeroenan ĕmas,
jasa ngareka djasmani.

12. Saoer koesoet seug diatoer,
galih goesti dilĕlĕmi,
manah sĕber djadi sabar,
napsoe soendoel djadi salim,
ka manoesa sadajana,
toer asih ka para moeslim.

13. Ngan mĕndak kangdjĕng Sinoehoen,
noe kotjap sanoesa Djawi,
djadi tjonto ka sadaja,
sanggĕm galih lahir batin,
ahli tapa salawasna,
ahli raos noe sadjati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

14. Pamoegi bae katiroe,
koe noe laip diri koering,
tapi lain mapandean,
tobat ka Noe Maha Soetji,
jen koĕdoe mĕndak sangsara,
tjotjoba Goesti Jang Widi.

15. Djadi tjonto noe kapoengkoer,
oelah pisan djadi pikir,
dek noeroetan Ardi Soma,
poma-poma ka sasami,
mĕgat maksoed anoe lajar,
samar bisa moelang deui.

24. Asmarandana.

1. Kotjap deui Raden Pandji,
sinarĕng Kantjana Ningrat,
jaktos geus djadi panganten,
teu kintĕn-kintĕn lajeutna,
sami tĕrah pangeran,
sami koepoe pada koepoe,
Den Pandji Kantjana Ningrat.

2. Neng poetri goemoedjĕng manis,
„Tadi ĕngkang abdi reuwas,
tĕtkala keur pĕrang rame,
abdi risi ĕngkang kalah,
kawon koe Ardi Soma,
raos abdi dina kalboe,
sĕdja ngiring sabiloellah.

3. Kitoe panĕdja sim abdi,
lamoen goesti kalah pĕrang,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

abdi soeka maot bae,
ti nimbang ka Ardi Soma,
teu roedjoek lĕlĕmboetan,
soemĕdja toemoet ka koeboer,
ka ĕngkang Pandji pangeran".

4. Ngawalon Rahaden Pandji:
„Doeh ĕneng bendara ĕngkang,
anoe denok kĕmbang panon,
moestika di alam doenja,
ĕnja ĕneng noe bela,
djoengdjoenan ĕngkang satoehoe,
ĕngkang ge nja kitoe pisan.

5. Teu bentĕn djeung galih njai,
ĕngkang nja kitoe panĕdja,
oepantĕn ĕnden kabojong,
koe ngaran Si Ardi Soma,
anggoeran mĕnding hilang,
rido ka Goesti Jang Agoeng,
batan ĕngkang kalah pĕrang".

6. Neng poetri goemoedjĕng manis:
„Doeh Goesti djimat bĕndara,
Goesti abdi kĕmbang panon,
abdi teh soemĕdja pasrah,
lahirna mah ka ĕngkang,
njanggakeun badan sakoedjoer,
batinna ka Goesti Allah.

7. Djoengdjoenan panoetan abdi,
ti doenja dongkap acherat,
titis toelis ing Jang Manon,
taja pisan manah siwah,
sĕdja ngesto ka ĕngkang,
lahir batin sĕdja soedjoed,
salam sĕmbah sadajana.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

8. Karantĕn wantoening gaib,
raga goemĕlar di doenja,
darma wawajangan bae,
teu aja kakawasaan,
soeka doeka kasorang,
boa sore boa isoek,
diadjalkeun tilar doenja.

9. Pinasti kĕrsa Jang Widi,
biheung raji heula adjal,
miheulaan ka noe kasep,
manawi loentoering manah,
abdi bakti timbangan,
namoeng moegi oelah bĕndoe,
koe ĕngkang kĕdah hampoera.

10. Raji teh hadjat maskawin,
bisi Goesti mangmang manah,
rehna Goesti gĕndoe raos,
basa waktoe keur rendengan,
tampi wĕdjang halipah,
maskawin noe doea reboe,
Goesti teh tarima hoetang.

11. Sinarĕngan loba djangdji,
ngeusian pikoekoeh nikah,
warnana teu ditjarios,
matak lingsĕm ka salira,
ĕngkang langkoeng oeninga,
sĕdja baktos noe sakitoe,
raji teh geus rido pisan".

12. Ngawalon Rahaden Pandji:
„Eh raji njaksian inja,
nampi sĕmbah noe sajaktos,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

raga ĕngkang ngan dĕrĕma,
titipan Noe Kawasa,
ngan noehoen poedji sareboe,
sampoerna alhamdoe lillah.

13. Ajeuna ĕngkang pepeling,
koe njai masing kamanah,
emoetkeun waktoe bareto,
ĕngkang teh ngawasiatan,
harga salapan laksa,
pĕndokna mah doea reboe,
kĕrisna wasiat ĕmbah.

14. Moegi masing djadi milik,
diri ĕngkang oelah beurat,
ambrih ĕngkang djongdjon maot.
oelah njandangan wiwirang,
doenja doegi acherat,
rahajoe sapandjang oemoer,
tilar doenja kantoen moelja.

15. Oepama salira njai,
dikĕraskeun koe Pangeran,
awaskeun masing waspaos,
salira noe sadjatina,
poma masing oeninga,
oelah kadjongdjonan kalboe,
soeka-soeka keur ngoembara".

TAMAT.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

R. Ardiwinata. Tjarita djalma paminggatan (franco di post) f 0.18

R. Poerawinata. Tjarios lalampahan ka Djawa tengah idem „ 0.1

R. B. Kartadirédja. Tjarios Maharadja Djoesi idem „ 0

Sastradirédja. Wawatjan tjarios Praboe Oedrajana idem „ 0

R. Danoemihardja. Wawatjan djalan pangoepadjiwa idem „ 0.

M. Kartadimadja. Boekoe panggoegah idem „ 0.

M. Sastrawirja. Panglédjar galih idem „ 0.08

R. Djajadirédja. Wawatjan elmoening tani I idem „ 0.05

Njimas Djam'ah. Boekoe batjaan roepa² kaolahan (keur ditjitak) —

R. Soeriadirédja en M. Ardiwinata. Wawatjan Poernama Alam I idem „ 0.20

M. Kartadimadja. Tjarita ki Boehara djeung ki Djani idem —

Njimas Léngkana. Dongeng² djaman baheula idem —

M. Soemintapoera. Tjarita Buffalo Bill idem „ 0.19

R. Djajadirédja en R. Soemadirédja. Bab bako idem „ 0.11

Djajadisastra en M. Soema-Atmadja. Poeloenganeun idem „ 0.09

M. Sétjaadipoetra. Boekoe pal melak djeung ngokolakeun roepa² pepelakan I Teh idem

idem II idem

C. M. Pleyte. Pariboga (1e vervolg)

idem idem (2e vervolg)

M. Natawisastra. Karahardjaan nagara idem

Tjakrabangsa. Roepa² misil anoe baris hasil idem